

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Indonesia téh mangrupa nagara majemuk (multikultural) tur beunghar ku rinéka sélér bangsa. Kacatet leuwih ti 500 sélér bangsa nu aya di Indonesia. Jembarna budaya anu dipimilik ku masarakat, sawadina perlu meunang pangrojong jeung perhatian anu leuwih daria ku cara diraksa, diriksa jeung dimumulé ku sakumna masarakat, pangpangna mah ku anu ngabogaan éta budaya.

Tina sakitu ratus sélér bangsa téh tangtu ngabogaan budaya jeung ciri-ciri anu has, nu bisa ngabédakeun jati dirina jeung sélér séjénna. Minangka conto, geura waé sanajan aya dina hiji pulo anu sarua, upamana sélér Sunda jeung sélér Jawa miboga budaya anu béda. Kitu deui, najan tunggal aya dina sabudaya (Sunda), upamana baé urang Bogor jeung urang Bandung, tangtu miboga kabiasaan jeung cara sewang-séwangan anu béda. Éta perbédaan téh minangka fitroh sakumaha nu kaunggel dina idiom “ciri sabumi cara sadésa; jawadah tutung biritna sacarana-sacarana” anu hartina béda tempat béda deui adat jeung kabiasaanana.

Unsur budaya anu panggampangna katitén bédana téh nyampak dina basa, kasenian, jeung adat istiadat. Anu matak henteu anéh upama anu ngaguar budaya hiji sélér bangsa, umumna henteu jauh tina perkara basa, kasenian, jeung adat-istiadat kaasup upacara adatna.

Kamekaran jaman anu beuki maju sarta ku ayana arus modérnisasi (globalisasi) téh, tétéla méré lolongkrang kana asupna budaya deungeun ka Indonesia, sarta mawa pangaruh dina sagala widang, kaasup kana adat-istiadat jeung kabudayaan masarakat.

Najan sakumaha rosa na arus modérenisasi jeung globalisasi nu kiwari keur lumangsung, tétéla masih aya kénéh komunitas nu tagen tur pengkuh ngamumulé budaya karuhunna, nyaéta masarakat adat Cireundeu. Di éta komunitas, urang masih bisa nyaksian sacara langsung, kumaha tata cara hirup masarakatna nu masih tukup nyekel deleg warisan budayana mangrupa papagon jeung ageman. Éta papagon téh minangka calecer (norma) nu pinuh ku ajén-inajén anu luhung pikeun ngatur paripolah manusa. Matak teu anéh kahirupan masarakat adat Cireundeu (sok

sanajan masih aya di lelewék Bandung Raya), éstuning ayem tengtrem, bérés roés, sauyunan jeung harmonis lantaran ngamalkeun jeung maké éta papagon/ageman téa. Cindekna, komunitas samodél kitu téh sok ditarelah masarakat hukum adat atawa *the indigenous people* (kampung adat).

Nurutkeun Adimihardja (**Sudaryat spk., 2007 kc. 1**), ku ngaliwatan kabudayaan manusa téh mampuh nyiptakeun lingkungan anu leuwih hadé, sarta ngaliwatan kabudayaan ogé manusa téh bisa ngatur jeung ngawasa alam. Kabudayaan dianggap hiji hal anu diwariskeun sacara turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi séjén. Éta proses dina ngawariskeun sacara turun-rumurun téh ilaharna disebut tradisi, nu leubeut ku kagiatan upacara (ritual).

Dina hirup kumbuhna manusa téh teu leupas tina rupa-rupa ritual saperti tradisi ngalamar, tradisi tujuh bulanan, tradisi hajat laut, tradisi babarit, jeung tradisi ngaruwat. Sakumaha nu diébréhkeun ku **Suganda (1982, kc. 5)** dina buku nu judulna *Upacara Adat Di Pasundan*, anu nétélakeun upacara-upacara nalika kawinan, lahiran, sunatan, *kematian*, jeung melak paré. Masarakat Sunda miboga sababaraha tradisi anu terus dijaga tur dimekarkeun nepi ka kiwari. Salasahijina upacara Tutup Taun Ngemban Taun Saka Sunda nu aya di Kampung Cireundeu Kota Cimahi.

Dina ieu upacara téh miboga ciri has sarta leubeut ku ajén-inajén anu gedé mangpaatna pikeun kahirupan minangka wujud rasa sukur ka nu Kawasa réh na parantos dipaparin rejeki nyaéta hasil tatanén anu muncekil salila sataun. Lian ti éta ngagédéng ogé pangharepan yén dina nyanghareupan taun anu anyar aya dina kalancaran sarta sagala pangharepan tineknanan.

Maksud jeung tujuan upacara Tutup Taun Ngemban Taun Saka Sunda nu aya di kampung Cireundeu téh, saéstuna méh teu jauh béda jeung Sérén Taun nu aya di daérah séjén saperti di Cigugur, Kuningan Jawa Barat. Numutkeun Kang Ogy, salasaurang warga Adat Cireundeu éta upacara téh enas-enasna mah mangrupa wujud rasa sukur ka Nu Kawasa réh na salila sataun téh geus kasinugrahan cukulna hasil tatanén. Ngan nu ngabédakeunana téh ari sérén taun di Kuningan jeung di Ciptagelar mah hasil tatanén minangka tatali hirupna téh leuwih nyoko kana paré, sedengkeun di Cireundeu mah leuwih nyoko kana sampeu. Sarta ngan ukur béda

dina ngaranna wungkul, jeung waktu pelaksanaanna. Pikeun kapentingan ieu panalungtikan, saterusna ieu upacara Tutup Taun Ngemban Taun Saka Sunda téh dina cara nuliskeunana baris disingget jadi TTNTSS.

Pelaksanaan upacara TTNTSS mah biasana dilaksanakeun di bulan Sura, sedengkeun Sérén Taun mah di bulan Rayagung. Upacara TTNTSS dilaksanakeun sataun sakali nyaéta unggal tanggal 1 Sura. Sabenerna acara TTNTSS di kampung Cireundeu téh dilaksanakeun salila sabulan, ngan puncakna mah nyaéta salila tilu poé, biasana dina tanggal lilikuran. Masarakat ngado'a babarengan réhna geus dipaparin rejeki salila sataun sarta miharep mudah-mudahan dina nyanghareupan taun anu anyar aya dina kakiatan sarta sagala pangharepan tinekanan. Anu unik jeung istimewa upacara TTNTSS dina lebah nu mingpin dungana, nyaéta ku perwakilan ti sababaraha agama saperti Islam, Katholik, Nasrani, Hindu, Kong Hu Cu, sarta kapercayaan Sunda Wiwitan anu diagem ku masarakat Cireundeu. Ieu peristiwa téh méré gambaran yén masarakat Cireundeu bener-bener ngamalkeun ajén-inajén perkara toléransi dina kahirupan.

Salila lumangsungna upacara TTNTSS ieu dipagelarkeun ogé rupa-rupa kasenian di antarana tarawangsa, wayang golék, jeung jaipong. Ngaliwatan éta kasenian ogé lain ngan ukur tongtonan baé, tapi mangrupa tuntunan. Sakumaha dipikanyaho yén jaipong téh mangrupa kasenian asli ti Jawa Barat. Ku kituna, ngaliwatan upacara TTNTSS ieu dipiharep, lian ti mangrupa wujud sukur kana sagala rupa hasil tatanén salila sataun, ogé mangrupa wujud ngamumulé kasenian asli Jawa Barat. Dina ibingan jaipong téh saéstuna aya tungtunan dina ngatur émosi, hal éta patali jeung ngolah émosi nalika prakna jaipong. Jaipong ogé mangrupa sarana olahraga, sabab bagerakna anggahota awak. Kitu deui dina kahirupa nyaéta kudu bisa ngolah émosi, ulah nepi ka jadi masalah. Tina pagelaran jaipong ogé bisa meunang hikmah kumaha ngaadumaniskeun rupa, upama tina kostumna. Tina jaipong ogé bisa ngadumaniskeun rasa antara gerak jeung nada. Kasenian séjénna nu aya dina upacara TTNTSS nyaéta Tarawangsa. Tina seni tarawangsa ngandung harti adab-adaban kumaha mayunan sepuh, sahandapeun, jeung sasama. Ngaliwatan upacara TTNTSS ogé ngajarkeun kumaha cara ngahargaan atawa toléransi jeung sasama mahluk hirup. Mahluk hirup di dieu lain

harti jeung manusa wungkul, tapi jeung alam sabudeureunana, kaasup tutuwuhan jeung sasatoan. Lian ti éta, ngaliwatan upacara TTNTSS ogé anu mangrupa kabiasaan sacara turun-tumurun téh katitén yén masarakat Cireundeu tetep nyekel pageuh tradisi karuhunna sok sanajan kaayaan jaman beuki maju. Ku kituna, panalungtik kataji yén di hiji kampung nyaéta Cireundeu, sok sanajan aya di wilayah Kota Cimahi, masarakatna tetep nyekel pageuh tali paranti karuhunna. Di sagédéngeun éta, masarakat Cireundeu henteu nolak ogé kana kamajuan jaman, hal éta katitén tina wangunan imahna anu geus modern.

Dipilihna upacara TTNTSS dumasar kana sababaraha alesan. Kahiji, mimitina panalungtik niténan fénoména-fénoména budaya nu aya di sabudeureun padumukan, di antarana Hajat Lembur nu aya di kampung Ciuyah Kabupatén Bandung Barat, tradisi Ruat Jagat nu aya di Batu Hiu Kabupatén Pangandaran, ngan sabada dititénan, tétéla upacara TTNTSS leuwih loyog upama ditalungtik. Kadua, yén kampung Cireundeu nu pernahna aya di lingkung Kota Cimahi, tetep nyekel deleg tradisi karuhunna saperti ngadahar sangu sampeu, sarta rupa-rupa kadaharan tina sampeu, sok sanajan kaayaan jaman geus beuki maju. Tapi, disagédéngeun éta masarakat Cireundeu henteu nolak kana kamekaran jaman saperti aya na listrik, sarta rupa-rupa parabot atawa wangunan imah anu geus modérn.

Dina prak-prakanana, naon-naon anu dilaksanakeun jeung kalengkepan-kalengkepan tradisi tina upacara TTNTSS téh teu leupas tina unsur-unsur budaya jeung simbol-simbol atawa lambang-lambang anu ngandung ma'na. Sangkan unsur-unsur budaya sarta simbol-simbol anu aya nyangkaruk dina upacara TTNTSS nu aya di Kampung Cireundeu Kota Cimahi kapaluruh, salasahijina bisa ngagunakeun élmu antropologi budaya (basa, sistem pangaweruh, sistem kamasarakatan atawa organisasi sosial, sistem pakakas hirup jeung téhnologi, sistem pakasaban, sistem réligi, jeung kasenian) jeung semiotik (ikon, indeks, jeung simbol). Sabada unsur budaya jeung semiotik nu aya dina upacara TTNTSS kaguar, hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan pangajaran, nyaéta pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XII dumasar Kurikulum Tingkat Daérah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMA/SMK/MA/MAK.

Patali jeung nu bakal ditalungtik, saméméhna geus aya nu medar ngeunaan kampung adat Cireunde, saperti disertasi nu aya di Universitas Padjadjaran nu judulna “Sosialisasi dan Enkulturas Tradis Penganut Madraisme Dalam Keluarga di Kampung Cireunde, Kota Cimahi” ku Yani Achdiani; Skripsi nu aya di Universitas Padjadjaran nu judulna “Analisis Ketahanan Sistem Pangan (*Food System Resilience*) di Kampung Cireunde Kelurahan Leuwigajah Kecamatan Cimahi Selatan Kota Cimahi, perspektif Ekologi Politik” ku Era Purike; sarta tésis-tésis nu aya di UIN Gunung Djati Bandung nu judulna, “Interaksi Sosial Keagamaan, Studi terhadap masyarakat Penganut Sunda Wiwitan dan Islam di Kampung Adat Cireunde, Kota Cimahi Kelurahan Leuwigajah Kecamatan Cimahi Selatan”; “Pembangunan dan Pelestarian Budaya Rasi, Studi tentang Ketahanan Pangan di Kampung Adat Cireunde, Kota Cimahi”; “Problematisasi Tabligh di Kampung adat Cireunde Cimahi (Studi deskriptif pada warga adat Cireunde)”; “Keyakinan Masyarakat Adat dan Modernisasi di Kampung adat Masyarakat Cireunde Kota Cimahi”; “Sikap Masyarakat Adat Terhadap nilai-nilai Toleransi Beragama Hubungannya dengan Perilaku Keberagaman Mereka (Penelitian terhadap masyarakat adat Kampung Cireunde Rw. 10 Kota Cimahi)”. Éta panalungtikan téh lolobana museur kana aspék réligi nu dianut ku masarakat Kampung Cireunde nyaéta Sunda Wiwitan, sarta museur kana katahanan pangan di Kampung Cireunde dimana anu jadi kadaharan poko na téh nyaéta sampeu. Patali jeung unsur budaya tur semiotik mah can aya nu medar. Ku kituna, panalungtik kataji pikeun nalungtik harti jeung ma’na tina lambang-lambang nu aya dina upacara TTNTSS nu aya di Kampung Cireunde Kota Cimahi, utamana tina sasajén, pakakas, sarta kadaharan nu dipaké nalika lumangsungna acara. Ieu panalungtikan téh baris dijudulan “Upacara Tutup Taun Ngemban Taun di Kampung Cireunde Kota Cimahi pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kajian Antropologi jeung Semiotik”.

1.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang anu dipedar, sangkan naon nu dianalisis dina panalungtikan ieu leuwih museur, pasualan dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- Kumaha kasang tukang tradisi kadaharan tina sampeu jeung upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi
- Kumaha struktur upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi?
- Unsur budaya jeung ajén-inajén naon waé anu nyampak dina upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi?
- Naon nu jadi sabab-musababna masarakat Kampung Cireundeu nu jadi tatali huripna bet ku sampeu lain ku paré?
- Naon sababna Upacara TTNTSS Sunda masih dipertahankeun tur diparaké ku masarakat Adat Cireundeu dina mangsa rosa na arus modérnisasi budaya jeung globalisasi kiwari?
- Unsur semiotik naon waé anu nyampak dina upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi?
- Kumaha larapna upacara TTNTSS pikeun bahan pangajaran maca bahasan budaya di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan ieu mibanda dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun tur ngungkab poko pasualan sarta tujuan adat keur kahirupan anu nyangkaruk dina upacara *Tutup Taun Ngemban Taun Saka Sunda* di Kampung Cireundeu Kota Cimahi.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina panalungtikan ieu nyaéta ngadéskripsikeun:

- Kasang tukang tradisi kadaharan tina sampeu jeung upacara TTNTSS
- Struktur upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi

- c. Unsur budaya jeung ajén-inajén anu nyangkaruk dina upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi
- d. Sabab-musababna masarakat Kampung Cireundeu nu jadi tatali huripna bet ku sampeu lain ku paré
- e. Unsur semiotik anu nyangkaruk dina upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi
- f. Sabab-musababna Upacara TTNTSS masih dipertahankeun tur diparaké ku masarakat Adat Cireundeu dina mangsa rosana modérnisasi budaya jeung globalisasi kiwari
- g. Larapna upacara TTNTSS pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat tioritis jeung praktis. Pedaran ngeunaan mangpaat tina ieu panalungtikan diébréhkeun di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan antropologi budaya, utamana pikeun aprésiasi budaya. Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa nyangking pangaweruh ngeunaan upacara TTNTSS nu aya di Kampung Cireundeu Kota Cimahi, umumna di masarakat nu aya di Tatar Sunda.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat tina ieu panalungtikan dipiharep jadi bahan tinimbangan pamaréntah dina nangtukeun kawijakan pikeun ngamumulé upacara TTNTSS anu masih dilaksanakeun. Pamaréntah nyieun acara nu maneuh dilaksanakeun unggal taun. Éta kawijakan téh dipiharep bisa dilarapkeun kana bahan pangajaran di sakola.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan diantarana:

- a. Pikeun nu nalungtik, panalungtikan ieu bisa méré pangaweruh sarta pangalaman anu kacida gedéna hususna dina nalungtik unsur budaya jeung semiotik ngeunaan upacara TTNTSS;
- b. Pikeun masarakat, bisa ngaraksa jeung ngariksa tradisi nu aya di Tatar Sunda, sarta bisa méré informasi ngeunaan unsur budaya jeung semiotik nu aya dina upacara TTNTSS;
- c. Pikeun dunya atikan, nyaéta dijadikeun sumber pabukon, alternatif bahan ajar bahasan budaya Sunda sarta méré pangaweruh ngeunaan upacara TTNTSS;
- d. Mangpaat isu jeung aksi sosial, nyaéta yén panalungtikan ieu bisa méré informasi atawa kawijakan ka pamaréntah ngeunaan lumangsungna upacara TTNTSS nu maneuh dilaksanakeun unggal taun.

1.4.4 Mangpaat Isu Sosial

Upama ditilik tina mangpaat isu jeung aksi sosial, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngarojong tur ngaronjatkeun kasadaran masarakat, sangkan leuwih ngariksa jeung ngaraksa ieu upacara TTNTSS ka generasi salajengna, sarta méré informasi ka pamaréntah, maksudna ngasah ka surti jadi pamaréntah téh ngarojong kana diayakeunna upacara TTNTSS.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I Bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II ulikan pustaka atawa landasan tiori, anu ngawengku panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III métode panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data.

Bab IV hasil jeung pedaran, anu eusina medar ngeunaan déskripsi upacara TTNTSS, unsur budaya jeung unsur semiotik nu kapanggih dina upacara TTNTSS di kampung Cireundeu kota Cimahi, sarta larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA.

Bab V kacindekan jeung rékomendasi.